


GEN ESPWA

Nan Moman Difisil Yo

EKRI PA JOYCE MEYER



GEN ESPWA

Nan Moman Difisil Yo

Ekri pa
Joyce Meyer

KONTNI

- 6 Prezantasyon
- 9 Anpil Espwa
- 15 Kisa Pou'w Fè Lè'w
Santi Ou Bloke
- 22 Chwazi Yon Atitid Ki Plen Ak Espwa
- 27 Mete Konfyans Ou Nan Bondye
Nan Moman Difisil Yo
- 33 Tout Bagay Nouvo
- 39 Kijan Pou'w Gade Anwo
Lè'w Santi'w Deprime
- 46 Eske W'ap Travèse Yon Moman Difisil ?

PREZANTASYON

Mwen santi mwen kontan dèske ou chwazi li liv sa. Nan moman sa, ou kapab santi'w blese oubyen fwase pou sa k'ap pase nan lavi'w. E menm si mwen pa konnen sikonstans egzak yo, men gen yon bagay mwen sèten de li :

Ou pa poukont ou—Bondye renmen'w, e nou renmen'w tou.

Anfèt, mwen ekri liv sa pou ankouraje'w e ranpli kè'w ak espwa. Mwen vle ou konnen nan moman sa, nan mitan menm tout sa w'ap travèse yo, Bondye bò kote'w e anyen pa enposib pou Li (gade nan Lik 1:37). Li gen yon bon plan pou avni'w, e Li deja ap travay san'w pa wè pou Li ede ou (gade Jeremi 29:11).

Ou kapab ap fè fas ak yon trajedi san parèy, e ou pa wè ki kote ou pral pase pou'w soti ladan'l. Oubyen ou kapab ap soufri ak yon maladi e oupagen okenn mwayen pou'w ale wè yon doktè. Mwen konnen anpil moun se chak jou y'ap chache pen kotidyen, pafwa yo pa menm konnen demen ki kote lamanjay la pa soti.

Lè nou ap travèse difikilte san parèy sa yo, nou konn dekouraje e vle abandone. Sepandan, yon sèl grenn bagay nou kapab fè se mete konfyans nou nan Bondye e rete ak anpil espwa. Men, kisa espwa ye vrèman ?

Espwa se espere ak konfyans ke yon bon bagay pral rive. Li relye ak lafwa nou epi ak sa nou kwè. Lè nou oze espere, li ranpli lavi nou ak lajwa epi lapè.

Enmi an vle pou nou sanzespwa. Li vle konvenk nou ke tout bagay pèdi e anyen p'ap tounen nan nòmal yo. Men Bondye vle pou nou plen espwa, kwè ak espere gwo bagay de Li. Anfèt, LaBib di ke Li se

“Bondye ki bay espwa,” Li plen ak padon ak nouvo kòmansman (gade nan Rom 15:13).

Akoz abi seksyèl, emosyonèl ak vye pawòl ke mwen te sibi nan men papa'm lè mwen te timoun, mwen te vin devlope yon atitud sanzespwa. Tèlman te gen bagay negatif ki te rive'm ke mwen te atann ke vye bagay ap rive'm toutan, menm apre ke mwen te vin yon kretyen mwen te panse konsa.

Poutan, onètman mwen kapab di ke Bondye te transfòme'm, soti de yon moun negatif ak pesimis pou'm vini yon moun ki plen ak espwa, toujou espere bonte Bondye vlope'm nan tout kwen. Piti piti, Li ede mwen dekouvri pouvwa espwa e kisa li vle di pou panse'm yo, pawòl mwen yo, atitud mwen yo e chak pati nan lavi mwen. E kounye a, lè mwen fè fas ak gwo difikilte oubyen rankontre ak gwo pwoblèm, mwen toujou kenbe espwa, konnen ke Bondye ap regle tout bagay pou byenèt mwen !

Petèt ou soufri anpil, ou desi anpil e ou pa imajine menm pou yon segond ke bagay yo ap vini byen. Enmi an vle konvenk ou ke bagay yo p'ap janm chanje. Men Bondye vle ke ou konnen ke Li renmen ou, e ou mèt kwè ke L'ap fè soti yon mirak pou ou nan tout pwoblèm ke w'ap travèse yo. Sèlsa ou dwe fè se pa janm pèdi espwa--atann ke bonte Li ap parèt a nenpòt ki moman.

Paj sa yo gen kèk gwo leson ke Bondye aprann mwen nan pati sa—leson k'ap grandi lafwa ou e k'ap ede'w apwoche lavi a ak yon nouvo atitud.

Mwen souvan di ke yon moun ki rete ranpli ak espwa—ki kontinye kwè nan Pawòl Bondye e ki refize abandone—moun sa vrèman paka pèdi batay. Paskè menm nan mitan tanpèt lavi a, paskè ou plase konfyans ou nan Li, Li pral ranpli lavi'w ak lapè ak lajwa san parèy Li yo e chanje sityasyon'w yo an byen pou ou.

Mwen pa konnen egzakteman kisa w'ap travèse nan lavi'w oubyen ki move eksperyans ke w'ap viv nan moman la. Men mwen konnen ke

Bondye renmen'w ak yon lanmou ki san parèy, Li gen je Li sou ou, e Li pral ede'w (fè yon koudèy nan Rom 8:38-39, Sòm 33:18).

Li se Bondye tout espwa yo, e Li se sèl moun ki kapab chanje tout moman difisil ou yo an yon bagay ki gran.

Chapit 1

Ranpli avèk

Espwa

Mwen souvan di ke nou se generasyon ki toujou “vle wè a”. Nou vle wè li anvan nou kwè li. Anfèt, anpil nan nou gen difikilte pou nou kwè ke Bondye ap ede nou ak pwoblèm nou yo jiskaske nou wè yon bagay rive ak pwòp je nou.

Men malerezman se pa konsa Bondye travay--Li travay san moun pa wè. Li posib pou ou pa wè anyen rive, men eske ou kwè ke Bondye ap travay sou dosye'w la kounye a ? Eske ou kwè ke Li gen yon plan pou Li ede timoun ou yo, maryaj ou, oubyen bagay ke ou t'ap priye pou yo depi lontan ?

Jeremi 29:11 di ke Bondye gen yon bon plan pou lavi'w ... pou li ba'w espwa nan rezilta final ou yo. Kidonk, Bondye ap chèche okazyon pou li bon avèk ou!

Petèt li difisil pou wè tèt ou kòm yon moun ki pozitif, ki ranpli ak lafwa, ki plen espwa. Si se konsa, mwen konnen egzakteman kijan ou santi'w ! Gen kèk moun ki tou senpleman pè espere paske yo te jwenn anpil desepsyon epi yo pa swete fè fas ak doulè sa yo ankò.

Men, se pa grav, paske Bondye se "Bondye ki bay espwa," plen ak mizèrikòd ak nouvo kòmansman (gade Rom 15:13). Epi avè'l, li pa janm twò ta pou'w kòmanse kwè, antisipe, espere epi tann.

GWO ATANT...

Nou kapab defini espwa tankou « yon atant favorab ak anpil konfyans. »

Mwen kwè trèsouvan nou pran yon atitid pasif, nou deside n'ap jis « tann pou'n wè » si yon bagay ap rive oubyen si ap genyen yon alemye pou nou. Men Bondye vle pou nou tann pa ekspresè. Li vle ke nou gentan kwè ke nou jwenn yon bon bagay anvan menm li rive.

Alò mwen vle mande'w : kisa w'ap tann ?

Kisa ou wè nan imajinasyon'w ak nan lespri'w ? Kijan ou pale de avni'w ? Lè'w leve nan maten, eske ou konn panse konsa ? Aahh petèt ma eseye fè li yon lòt jou. Oubyen, eske'w konn reveye ak santiman ke jodia se kapab jou pou mwen resevwa benediksyon mwen an ?

Li nòmal lè yon fi ansent pou nou di ke « l'ap tann ». Plis jou ap pase se plis l'ap imajine kijan akouchman pral ye.

Gwosès mwen yo te vrèman espesyal paske tout kat pitit mwen yo, yo fè anviwon yon mwa anplis dat doktè te ban mwen pou'm te akouche. Doktè'm lan te di'm ke se premye fwa li wè yon fi fè tout tan sa ansent.

Nan fen chak gwosès mwen yo, chak jou mwen leve epi mwen di « jodia se jou a, m'ap akouche jodia kanmèm » ! Tout bagay mwen te gantan ranje e pare. Mwen te toujou ap verifye pou'm asire mwen ke tout bagay te byen ranje, mwen te gen konfyans ke bebe a ap vini a nenpòt ki moman. Chak fwa mwen te santi yon ti doulè, mwen te di, ah mwen pral akouche !

Se konsa menm ke Bondye vle ke nou ye avèk li ! Li gen yon plan enkwayab pou lavi'w et Li vle ke'w atann ak bon bagay ki pral rive jwenn ou.

Espwa di : « Petèt ke bagay yo te konsa depi lontan men Bondye se Bondye ke tout bagay posib ak Li, e bagay yo kapab chanje ».

ESKE OU SE YON PRIZONYE DE ESPWA ?

Janm te di li anvan, mwen te moun ki te pi negatif ki te ka egziste. Mwen te tankou yon moun tèt anba. Se enkonvenyan sèlman mwen te wè nan chak sityasyon. Sa fè'm wè rezon ki koz mwen te toujou mizerab. Dout ak bagay negatif te soti pou fini ak mwen.... men lespwa libere lajwa !

Espwa vle di gen yon lespri oubyen yon atitud pozitif. Moun ki plen ak lespwa toujou ap goumen pou'l pa kite anyen negatif anvayi li. Byen ke li gen gwo tanpèt k'ap sakaje lavi'l, li toujou rete ak espwa ke sa pral chanje, li toujou rete pozitif nan atitud ak konvèsasyon li yo.

Se konsa, anpil fwa, mwen panse ke nou pran nan pèlen an nan ap tann jiskaske nou santi nou optimis oswa plen avèk espwa. Men lespwa se yon desizyon pou nou rete pozitif epi pou nou pa viv dapre jan nou santi nou. Verite a se ke lè nou pran yon desizyon solid pou panse pozitif, panse ak espwa, santiman nou pral evantyèlman ratrape !

Mwen renmen Zakari 9 :12. Bondye di : nou menm prizonye k'ap tann delivrans yo, tounen, tounen non nan sitadèl kote n'a jwenn pwoteksyon an! Jòdi a, men sa m'ap di nou : n'ap resevwa de fwa plis benediksyon pase soufrans mwen te voye sou nou an.

Kisa sa vle di « yon prizonye k'ap tann delivrans » ? Li vle di malgre tout sa k'ap pase nan lavi nou yo, nou refize sipann espere e kwè nan kapasite Bondye pou li chanje bagay yo.

Lè'w vin yon prizonye delivrans, ènmi an pa konnen kisa pou'l fè. Li ka vini kont ou avek yon pakèt vye panse negatif, men li paka fè'w anyen ki mal lè'w detèmine pou'w kontinye mete tout konfyans ou nan Bondye.

Bondye vle beni'w e ba'w yon doub posyon pou tout soufrans ou te andire yo e pou tout bagay ou te pèdi (gase nan Ezai 61 :7). E se pati pa

nou an ki pral fè tout diferans lan. Pati pa nou an se kwè, fè konfyans epi espere.

LI LE LI TAN POU NOU JETE LANK LAN

Ebre 6:19 di, [Kounye a] nou gen [espwa] se tankou yon lank batiman li ye pou nou. L'ap kenbe nanm nou fèm, byen solid. [li pa ka glise epi li pa ka kraze anba nenpòt moun ki mache sou li]...

Ann dekonpoze pawòl la. Kounye a, mwen kwè ke nou tout konnen kisa lank lan ye. Lè ou bezwen yon bato pou li rete anplas, ou lage lank lan nan lanmè a, e li pèmèt bato a rete nan yon sèl plas.

Ebyen, pawol la di ke espwa se « lank nanm lan ». Nanm nou se lespri nou, volonte nou ak emosyon nou. Nanm nou di nou sa nou panse, sa nou vle ak sa nou santi.

Alò, kisa tout sa vle di ? Li vle di ke lè tout bagay parèt nwa... lè nou wè se komsa anyen pagen sans, e santi ke pwomès Bondye yo p'ap janm pase nan lavi nou, espwa se lank lan ki pral fè nou tounen e di nou, « Kenbe fèm ! pwomès Bondye yo ap rive »

Men, ann pran sa a yon ti kras pi lwen. Ebre 6:19 di ke espwa se lank nou e ke ... [li pa ka glise epi li pa ka kraze anba nenpòt moun ki mache sou li ...] Lespwè se lank nou e se bagay ki fè nou “soti”. Gen kèk moun ki pa fè eksperyans pwomès ak pouvwa Bondye tou senpleman paske yo pa soti nan lafwa. Se soti sa a ki mete pwomès Bondye yo an aksyon!

Kite'm ba'w yon egzanp. Pou plis pase 40 ane, mwen te vwayaje atravè mond lan ak anseye Pawòl Bondye. Men, te gen yon fwa anvan yon konferans kote mwen pa't santi mwen wen, kalifye oswa prepare pou fè sa mwen pral fè.

Anvan mwen te monte sou sèn nan, mwen te panse, Ebyen, Bondye, mwen espere vrèman ke ou parèt sinon mwen ap nan gwo pwoblèm. Lè sa a, mwen soti pou'm fè sa mwen kwè ke li te mande'm pou'm fè a,

Bondye toujou parèt e li ede'm delivre mesaj mwen an. Pa yon sèl fwa li pa janm abandone mwen !

Pou anpil nan nou, Bondye jis ap tann ou pou'l soti lank espwa sa. Li jus ap tann ke ou jwe pati pa'w la pou'l kapab parèt nan lavi'w epi fè gwo mirak ki pral etone ou. Pa kite sikonstans lavia deranje'w. Lage lank ou epi soti sou fondasyon ki sèten nan espwa. Paske lè'w mete espwa'w nan Bondye, ou p'ap desi.

Chapit 2

Kisa Pou'w Fè Lè'w Bloke

Eske'w poko janm bloke ? Eske ou poko janm rive yon kote nan lavia ki parèt tankou yon enpas pou ou e ke ou pa jwenn okenn lòt opsyon ?

Sa rive'm plizyè fwa, e mwen sur ke anpil nan nou pase la deja. Men mwen tèlman gen rekonesans pou tout ane ke Bondye t'ap anseye mwen ke menm si mwen ta bloke, pagen okenn sityasyon ki twò difisil ke Bondye pa ka jere !

Ann kòmanse pa gade nan istwa Joseph la ki nan liv Jenèz la (gade nan Jenèz 37-50). Labib di ke Jozèf se pitit papa'l te pi renmen nan douz pitit li yo, e frè li yo te gen jalouzi nan kè yo pou Joseph akòz de sa.

Yon jou, Jozèf te rakonte frè li yo yon rèv li te fè. Nan rèv li a, tout frè li yo t'ap mete ajenou devan li. Mwen pa menm bezwen di nou kijan frè li yo te pran sa.

Kòm rezilta, frè li yo te reyini ansanm pou yo wè kijan yo kapab touye Joseph. Premyèman yo lage'l nan yon twou e yo kite'l la pou li mouri. Men, annapre, yo te deside vann li kòm esklav bay yon bann machann Izmayelit ki t'ap vwayaje. Apre sa, yo te prepare yon plan pou konvenk papa yo ke Jozèf mouri !

Kòm ou ka konnen, istwa sa a fini triyonfan. Jozèf vin dezyèm kòmandman devan Farawon an, finalman li reyini ak fanmi'l, epi li te padone tout bagay ki te pase yo.

Sa ki rive Jozèf la se prèv ke kèlkeswa moman difisil w'ap pase nan lavi a, toujou gen espwa. Ou ka akonpli objektif Bondye pou ou paske tout bagay posib avèk Bondye!

Men pati nan istwa ke nou dwe vrèman konsantre nou sou li se sa kite pase ant twou a ak palè a. Lavi Jozèf te pran anpil tounan pandan peryòd sa. Men sèl karaktè ki te mennen li jwenn viktwa alafen se te pèsèverans li. Gras ak lafwa Jozèf nan Bondye, li pa't janm abandone!

ABANDONE PA YON OPSYON

Nan lavi nou, nou kapab tonbe nan twou tanzantan. Se kapab yon twou malady, yon mank lajan, yon pwoblèm nan relasyon'w ak moun, oubyen lòt pwoblèm kelkonk. Chak fwa jan de bagay sa yo rive, ou dwe detèmine pou'w pa abandone, kelkeswa sitiyasyon an!

Toujou sonje, pou nou gen yon bon temwayaj sou sa Bondye fè, nou dwe pase tès yo anvan. Jezi menm di nou:

...Nan mond lan ou ap jwenn tribilasyon, eprèv difisil, detrès ak fristrasyon; men pran kouraj [pran kouraj; gen konfyans sèten, san pè]! Paske mwen venk mond lan. [Mwen te wete pouvwa pou fè ou mal e mwen te genyen'l pou ou] (Jan 16:33).

Li nòmal pou'w ap travèse eprèv difisil. Pafwa, ou kapab menm gen anvi abandone. Men si sèlman ou kapab kenbe e mete konfyans ou nan Bondye pandan eprèv difisil yo, li kapab restore lavi'w. Li kapab pran tout mal yo pou'l fè yon bon bagay soti ladan yo (gade Rom 8 :28).

Yo di ke Winston Churchill te fè diskou sa devan diplome lekòl Horrow School nan ane 1941: “pa janmen, janmen, janmen, janmen, janmen

abandone! Nan gwo oubyen nan ti bagay, nan gwo oubyen nan ti bagay, pa janm abandone”.

Mwen pa konnen si vrèman se sèl bagay li te di, men mwen kwè ke Lesprisen pale bagay sa ak anpil nan nou jounen jodia: « Pa abandone, paske Bondye gen anpil bagay li rezève pou lavi’w”!

Li fasil pou’w abandone lè bagay yo parèt difisil. Pafwa, moun yo rete bloke kote yo ye a e yo pa konnen kijan pou yo soti, alò yo panse ke meyè bagay la se abandone.

Yo kapab menm gen enpresyon ke yo pa entèlijan oubyen yo pa genyen okenn talan ; petèt yon bagay twomatize yo ; swa yo echwe nan yon bagay oubyen yo te fè anpil erè nan tan pase yo. Men Lesprisen an ban nou fòs ak kapasite pou nou pèsevere, pèsevere jis pou nou rive nan viktwa final la, menm si bagay yo pa pase jan nou te swete yo a.

Echèk pa vle di ke pagen okenn lòt opsyon. Ou ka aprann de erè ou te fè nan tan pase yo- mwen twouve istwa a te yon bon pwofesè ! lòske ou echwe, eseye ankò. Si pagen anyen ankò, w’ap fini pa aprann sa ki mache ak sa ki pa mache pou’w wè kot solisyon an ap sòti. Ou kapab transfòme obstak ou yo an opòtinite pou’w vin pi saj ak grandi espiritityèlman.

Bondye vle ke nou viv yon lavi san parèy, men konfyans ak pèseverans se de bagay ki endispansab pou nou viv yon lavi san parèy. Lesprisen an ap mennen nou nan chemen lafwa pou nou wè bon plan ke Bondye genyen pou lavi nou chak. Wòl nou se pou nou pran mezi sa yo epi pa janmen abandone !

KISA POU’W FE LE’W SANTI’W MAL

Jan ou wè sitiyasyon an lè’w nan “twou” a kapab fè gwo diferans lan.

Pa bliye ke se nan yon peryòd tè sè ke ou ye... yon peryòd kote karaktè ou pral devlope. Peryòd sa se sa’m rele “ane silansyèz” yo, paske nan

peryòd sa ou kapab gen lenpresyon ke pagen anyen serye k'ap pase nan lavi'w.

Kote ke w'ap fè fas kare ak doulè epi gwo boulvèsman, e ou gen lenpresyon ke Bondye p'ap fè anyen pou ede'w nan sitiyaasyon sa. Men li vrèman enpòtan pou ou fè li konfyans nan moman sa menm paske l'ap travay nan kè'w pou'l fè'w sanble ak Chris la.

Alò, kisa pou'w fè lè'w bloke nan twou sa?

- *Pa abandone! Goumen ak tantasyon k'ap fè'w panse ke pagen pòt pou'w soti nan sitiyaasyon difisil ou ye a?*
- *Evite pou w'ap blame Bondye oubyen pense L'ap pini'w pou yon peche ou te fè.*
- *Toujou fè byen menm ke w'ap souffri, menm ke ou pa santi'w byen ou menm ke lòt moun ap maltrete'w. Fè byen pou kantite moun ke ou kapab, osi souvan ke ou kapab.*
- *Toujou mete'w disponib pou lòt moun, pa boude ni izole tèt ou lè lòt moun bezwen èd ou. Sonje ke ou paka fèb ak fò an menm tan, ou ka youn ou lòt men pa toulède alafwa. Trèsouvan, Bondye kapab itilize lòt moun pou ankouraje'w nan jan de moman sa yo.*
- *Kenbe pawòl ou e fè sa ou di w'ap fè. Se yon peryòd kote Bondye ap konstwi karaktè'w pou ou kapab prè pou'w pran plas ou nan palè a.*
- *Pa sispann kwè... pa abandone espwa ke Bondye kapab chanje sitiyaasyon'w yo.*

SEKWE LI

Ou kapab te tande istwa kote yon bourik te tonbe nan yon twou. Lè mèt bourik la wè sa ki pase a, li fè yon ti reflechi, epi li deside antere bourik la nan twou a paske bourik la te twò granmoun epi twou a te two fon pou li te desann ladan'l al retire bourik la.

Li rele kèk zanmi ak vwazen pou ede li, e yo te kòmanse ap pran tè vide nan twou a. Lè yo te fèk kòmanse vide tè nan twou a, bourik la t'ap plede rele. Men aprè, mèt bourik la panse ke bourik la mouri paske li pa tande li k'ap rele ankò. Epoutan bourik la pa't mouri.

Lè mèt bourik la fè yon ti koudèy nan twou a, li wè ke chak fwa tè a tonbe sou do'l, bourik la sekwe do'l epi tè a tonbe atè e bourik la mache sou li, foule li ak sabo li yo. Sa te kontinye pandan plizyè èd tan jiskaske, bourik la te foule tè a ase e rive nan yon nivo pou li te soti nan twou a !

Nou kapab aprann kèk bagay de bourik sa. Lavia pral vide salte sou nou tanzantan. Kapab se nan relasyon nou, nan finans nou oubyen nan sante nou. Men se moman pou nou aprann swiv direksyon Lesprisen an. Li pral montre'w kijan pou'w sekwe salte sa yo k'ap tonbe sou do'w yo epi monte sou yo, epi ba'w yon apèsi de tout bèl bagay ke Bondye sere pou ou nan chak pa w'ap fè pou'w soti nan twou ou ye a pou'w rive nan palè a ! Ap toujou gen obstak ak moman difisil. Ap toujou gen pwoblèm pou'w simonte. Men ap gen pou'w eseye ankò, ap gen dezyèm chans e ap genyen nouvo depa.

Li pa janm two ta, pa abandone ! Si'w jwe pati pa'w la e fè sa'w kapab, si ou rete ak espwa pou'w avanse e refize abandone Bondye, L'ap rete fidèl pou'l fè sa'w paka fè yo. Alò, si ou bloke e ou pa konnen kisa pou'w fè, pa pèdi espwa, paske ou nan pozisyon ideyal la pou yon nouvo depa.

Chapit 3

Chwazi Yon Atitid Ki Plen Espwa

Paske yo te abize'm lè'm te ti demwazèl, mwen te vin devlope yon perèz ke bagay mal te toujou pral rive mwen. Ou kapab konprann sa mwen di la.

Tèlman te gen move bagay ki te rive mwen, mwen te vin nan yon pwen kote mwen te toujou atann mwen ke move bagay ap rive'm toutan, menm apre mwen te vin yon kretyen. Mwen sonje yon maten kote mwen te priye e mande Bondye, « Kisa sa ye ? Poukisa mwen toujou ap santi bagay sa toutan » ?

Bondye te pale nan kè mwen e Li di : « tout sa yo se move presantiman ke ou genyen. Mwen pa't janm konn tande koze presantiman sa anvan, men kèk jou aprè mwen kwaze ak li nan Pwovèb 15 :15 ki di : Lè ou nan lafliksyon, chak jou se pwoblèm [atravè vye panse ak move presantiman]. Men, lè kè ou kontan, lavi se yon fèt pou ou [kelkeswa sikonstans lan].

Nou tout ap fè fas kare ak moman difisil nan lavia, e lè sa rive, li fasil pou nou gen vye panse ak move presantiman ki anvayi nou. Men nou dwe rive nan pwen pou nou aprann dakò ak Bondye, ak pawòl li yo lè pwoblèm yo rive.

Nou kapab libere lafwa nou lè nou di : « Mwen konnen ke Bondye renmen mwen. L'ap pran swen mwen e pwoteje mwen. Mwen kwè ke

l'ap fè mwen gras e l'ap banm fòs pou mwen fè sa mwen dwe fè, epi bon bagay pral soti nan sa ».

PA KRENT PA PÈ

Bondye pa't janm vle pou nou te mizerab oubyen pou nou pase « yon move jounen », menm lè bagay yo pa jan nou ta swete yo ye a. Li vle ke nou atann nou ak bon bagay, e pou nou rete ak anpil espwa nan kè nou, kelkeswa jan sitiyasyon yo ta ye.

E de mo sa yo ap ede'w fè sa : « pa pè »

Kisa ki laperèz la ? Laperèz la fè'w atann ou ak anpil vye eksperyans – li se kontrè ak espwa.

San nou pa rann kont, mwen kwè ke anpil moun pè pran wout yo pou jounen an. Nou pè al travay, nou pè pran nan blokis, nou pè lave asyèt yo, nou pè fè lesiv, koupe zèb, prepare manje pou kay la, nou pè tout bagay. Men laperèz la kapab vòlè lajwa nou epi fè nou pase yon move jounen. Laperèz kapab fè nou rete sanzespwa. Olye de sa, mwen ankouraje nou pou nou sispann bay tèt nou pwoblèm pou bagay ke nou paka fè anyen pou yo. Chwazi viv ak lajwa e kite Bondye jere pwoblèm ki twòp pou nou yo.

Nan chak sitiyasyon, nou dwe gen yon konpòtman ki di: “Mwen kapab fè tout sa mwen gen pou'm fè, e mwen pa pral sispann pwofite de lavia, kelkeswa sa ki ta rive. Mwen pa't prevwa bagay sa yo men Bondye kapab ranje yo pou bonè mwen. Kounye a la, mwen pa di ke sa pral fè tout pwoblèm ou yo disparèt. Men, chwazi pa kite laperèz anvayi nou kapab rann lavi nou meye.

JWENN LAJWA NAN TI BAGAY PITI YO

Gen yon vi viktoryèz pa konsène sèlman “gwo” bagay yo nan lavia, men sa kòmanse pa ti bagay piti yo. Senyè a vle ke nou fè siksè nan tout domèn, e sèl fason pou'w fè sa se pa kite laperèz gen pouvwa sou wou. Lè nou chwazi gen yon atitid pozitif epi ranpli ak espwa se sa ki pral fè

diferans lan. Wi, pral gen bagay nan lavia ki kapab pi difisil oubyen ki pa two enteresan; men, yo pa dwe rann nou mizerab oubyen detwi jounen nou. Chwa a se nan men nou li ye e atitid la se nou ki va chwazil.

Li enkwayab pou wè kijan nou ap kilpabilize tèt nou sou sò nou epi pèmèt atitid nou detwi yon jounen pafètman byen pou nou ak pou lòt moun. Fè'm konfyans, mwen konnen, mwen te bon anpil nan jwe mati lè pou'm te fè travay nan kay.

Mwen te toujou ap mache nan kay la ap bougonnen bagay sa yo : « Ebyen, tout moun isit la chita ap tann se mwen ki pou fè tout bagay nan kay la. Dave soti al jwe golf deyò a epi timoun yo ap fè dega nan kay la. Se mwen k'ap fè manje pou yo, lave asyèt yo fin manje yo epi lave rad yo. Mwen ta renmen konnen kiyès ki sousye de mwen!

Men ala verite pat gen pyès moun ki te fòse'm fè travay sa yo. Mwen te chwazi fè yo paske mwen renmen fanmi'm. Sepandan, mwen pa't vrèman distrè mwen paske mwen te tèlman detèmine pou mwen te gen yon atitid negatif.

Sa pa sanble etranj pou ou? Petèt sitiyasyon pa'w la se pa fè travay nan kay, men nou tout tante pou nou ap kilpabilizite tèt nou sou sò nou epi pè fè yon bagay nan yon moman oswa yon lòt.

Menm lè anpil move bagay rive nou, nou kapab toujou chwazi reyaji nan yon fason pozitif. E lè nou fè sa, nou mete nou dakò ak Bondye paske Bondye toujou pozitif li menm.

KONSANTRE'W SOU BAGAY POZITIF YO

Mwen souvan ankouraje moun yo pou jwe “The Glad Game”. Kisa sa ye? Lòske w'ap fè fas ak yon sitiyasyon negatif, fè eksprè chwazi gade pati ki bon ladan'l la!

Pa egzanp, si ou kwense nan yon blokus, di pito: « mwen bloke la mwen paka avanse, petèt se yon aksidan ke Bondye ap epanye mwen si pa't

gen blokus la alò mwen p'ap bay tèt mwen pwoblèm paske tout sa ki fèt se volonte Bondye.

Sa ap mache pou nenpòt sitiyasyon, kit li te gwo oubyen piti. Menmsi se yon bagay ki enpòtan menm jan ak pèdi yon travay, ou ka chwazi pou'w konsantre'w sou bagay ki pozitif ladan'l lan epi di, "Mwen gendwa pap travay kounye a, men mwen gen yon opòtinite pou'm wè Bondye ban mwen yon pi bon travay pase sa mwen te genyen anvan !"

Labib di : Seyè a ap tann lè pou'l fè nou gras. Li tou pare pou'l gen pitye pou nou, paske Seyè a, se yon Bondye k'ap toujou fè sa ki byen ! Benediksyon pou moun ki mete konfyans yo nan li (Ezayi 30 :18).

Kelkeswa sa lavia ta mete sou chimen nou, Bondye gen yon plan pou li amelyore'l, yon plan ki ranpli ak espwa epi bon bagay. Mwen ankouraje ou mete'w an akò ak Bondye.

Apwoche chak jou nan lavia ak yon atitid pozitif, ranpli ak espwa epi chwazi pou laperèz pa anvayi'w. Pandan w'ap fè sa, mwen kwè w'ap kòmanse jwenn lajwa nan chak pati nan lavi w.

Chapit 4

Kwè Nan Bondye Pandan Tanpèt Lavia Ap Boulvèse'w

Pandan ane pase yo, mwen te aprann ke se yon bagay lè'w fè Bondye konfyans pou yon bagay – pou'l chanje yon bagay oubyen yon moun nan lavi'w. Men se yon lòt bagay lè'w mete konfyans ou nan Bondye pandan yon moman difisil.

Mwen jwenn anpil rekonfò nan Ezayi 43 :2-3. Li di : Lè n'ap pase sou lanmè a, m'ap kanpe la avèk nou. Lè n'ap janbe gwo dlo, dlo a p'ap bwote nou ale. Lè n'ap mache nan mitan dife, dife p'ap boule nou. Flann dife a p'ap fè nou anyen paske mwen menm, mwen se Seyè a, Bondye'w la...

Lòske w'ap travèse moman difisil yo, li enpòtan anpil pou mwen raple ou ke Bondye la avèk e ou kapab fè li konfyans pou li ede'w travèse eprèv difisil sa. Pa egzanp, li fasil pou'w pèdi lafwa lè sitiyasyon'w lan pagen okenn sans oubyen pou'w wè lavia parèt enjis pou ou. Li parèt difisil anpil lè'w santi ou fè tout sa ou te dwe fè yo epi ou pa jwenn yon bon rezilta.

E kisa ou panse de sa : Ou wè yon moun ki nan tout sa ki pabon epi li jwenn yon meyè rezilta ke ou. Gen de moman nan lavi nou kote tout bagay sanble ap tranble e anyen pa parèt sur pou nou, e sèl vrè repons lan se fè Bondye konfyans e pa janm abandone.

Mwen aprann tou pa eksperyans ke mwen fè ke Bondye ap itilize moman sa yo pou byennèt nou. Lòske lavia parèt enstab, l'ap itilize sikonstans nou yo pou ede nou rapwoche nou de li e pou nou akwoche nou byen di ak wòch Sali a –Jezi Kris- ki pa ka deplase ni souke ! (gade Sòm 62 :2,6).

« GRANDI » NAN MOMAN DIFISIL YO

Sa ka parèt dwòl, men mwen rive nan yon pwen kote mwen kwè ke eprèw ak difikilte yo kapab fè pati bon zanmi nou yo. Poukisa ? Paske Bondye ap itilize yo pou anseye nou, fòmè nou e ede nou grandi nan yon fason ke nou menm nou pap kapab fè.

Anfèt, Jak 1 :2-3 di nou, se pou nou santi nou kontan anpil lè nou wè nou tonbe anba nenpòt kalite eprèw. Paske, nou konnen byen, lè konfyans nou gen nan Bondye a tonbe anba eprèw, sa ban nou pasyans. Asire'w epi konprann ke eprèw yo se prèw lafwa'w ki ap fè andirans, fèmte ak pasyans soti nan ou. Eprèw ak soufrans pa soti nan Bondye, men li pral sèvi ak yo pou rann nou pi fò epi ede nou jwi yon lavi pi pezib, stab e ki bay anpil satisfaksyon.

Moman difisil yo nan lavi nou fè soti nan nou moun nou vle ye a. Lè nou kwaze ak yon sitiyasyon ki « depase nou », sa pa ede nou plase depandans nou sou li, e konnen ke nou paka rezoud tout pwoblèm nou yo poukont nou.

Bondye vle ke nou vin jwenn li pou'l ban nou fòs e pou li mete nou nan yon pwen kote nou kapab rete estab menm lè eprèw lavia ap sakaje nou. Li vle ke nou gen lajwa nan kè nou ak anpil kontantman nan li, menm lè sitiyasyon nou yo pa pafè (gade Neemi 8 :10).

Menm jan ke dyaman yo fòmè sou fòs presyon, Bondye souvan itilize difikilte nan lavi nou pou li imilye nou, devlope karaktè nou, transfòmè nou a imaj li... e prepare nou ak bon bagay li rezève pou lavni nou.

EPREV YO EDE NOU GEN KONFYANS

Gen yon gwo libète nan lavi nou lè nou mete konfyans nou nan Bondye. Lè yon bagay pa ale nan sans nou, olye nou fache oubyen ap toumante tèt nou, nou dwe gen konfyans ke plan Bondye a meyè ke plan pa nou an, e l'ap fini pa rezoud sitiyasyon an pou byennèt nou (gade Rom 8:28).

Nou dwe konprann sa paske pafwa, lè nou gen pwoblèm, nou kapab menm ofanse Bondye oubyen lòt moun ki jwenn benediksyon yo deja. Nou kapab gen yon atitud farizyen yo te genyen, lè yo di: “Ebyen, mwen se yon pi bon kretyen pase ou, se mwen ki merite benediksyon sa yo. Pa egzanp, ou bezwen yon pwomosyon nan travay ou, men malerezman yon lòt moun jwenn li nan plas ou. Kisa ou dwe fè nan ka sa ?

Ou kapab santi'w ofanse, ou kapab menm blese'w espiryèlman. Oubyen ou kapab fè Bondye konfyans e di : « Senyè, si se nan pòs sa ou vle pou mwen rete alò mwen pral sèvi patwon mwen ak yon bèl souri nan figim. E mwen konnen ke si ou vle mwen jwenn pwomosyon, ou kapab fèl nan tan ou wè k'ap bon an.

Mwen aprann ke Bondye pi entèlijan pase nou ! Pafwa li pran tan pou li ban nou sa nou vle a paske li gen yon objektif diferan nan tèt li, yon bagay ki ankò meyè ke sa nou te ka imajine. Pa egzanp, plizyè fwa, Seyè a pèmèt mwen pase moman difisil. Pafwa, se te vrèman difisil e sitou lè'm te wè lòt moun jwenn repons pa yo pi rapid pase mwen nan menm domèn avèk mwen.

Men lè Bondye pèmèt mwen pase nan chimen sa, li vle mwen fè eksperyans pou mwen konprann sa lòt moun yo ap pase, pou mwen konprann doulè yo e ede yo pase avèk siksè. Si se pat pou moman difisil nan lavi mwen yo – sikonstans ke Seyè a itilize pou ede'm grandi epi chanje – mwen te ka pa ede kantite moun sa yo ke m'ap ede jounen jodia.

Bondye pa't janmen pwomèt nou yon lavi san pwoblèm, men li pwomèt nou ke li pap janm kite nou oubyen abandone nou (gade Hebre 13 :5).

Nan moman difisil yo, nou dwe gen asirans ke Bondye renmen nou e ke li deja gen yon plan pou li ede nou.

BONDYE AVEK NOU PANDAN TOUT MOMAN YO

Mwen vle ankouraje'w pran desizyon, pou'w detèmine pou fè Bondye konfyans nan chak pati nan lavi ou. Lè tanpèt lavia frape ou, oubyen ke w'ap fè fas ak yon seri de pwoblèm ke ou pa ka konprann, se nan moman sa yo menm pou'w kontinye mete konfyans ou nan li kelkeswa sa ou ta panse oubyen santi e kelkeswa sitiyasyon'w.

E si ou mete konfyans ou nan Bondye malgre tout bagay sa yo, li pral ba'w yon bagay ki stab – *Li pral ba ou plis de li menm.*

Eske w'ap viv yon moman difisil jounen jodia ? Eske gen yon eprèw ki soti pou akable ou ? Si wi, mwen ankouraje'w pran yon moman kounye a menm pou'w priye.

« Seyè, mwen remèsye'w paske ou toujou avèk mwen, nan bon moman kou nan move moman. Tanpri, ede mwen rapwoche de ou lè lavia pagen okenn sans pou mwen. Mwen fè'w konfyans e mwen kwè ke w'ap fè tout bagay pou byennèt mwen. Mwen priye ou nan non Jezi, Amen. »

Pa bliye ke moman w'ap travèse yo p'ap la pou toutan. Lè mwen ap travèse yon peryòd difisil, mwen renmen raplem ke “Sa a tou ap pase”. Antretan, ou kapab toujou chwazi mete konfyans ou nan Bondye e pèmèt li ba'w lajwa nan mitan pwoblèm w'ap travèse yo.

Li bon tou pou'w rete nan pawòl Bondye yo e pran kouraj ak pawòl ki nan liv Ezayi 41 :10. Bondye di : Nou pa bezwen pè. Mwen la avèk nou ! Nou pa bezwen kite anyen ban nou kè sote. Se mwen menm ki Bondye nou. M'ap ban nou fòs, m'ap ede nou. M'ap soutni nou ak fòs ponyèt mwen ki pa janm pèdi batay.

Kelkeswa sa w'ap travèse nan moman la, mwen ankouraje'w kenbe fèm e pa abandone. Pran desizyon pou'w kenbe yon bon atitud e kontinye mete konfyans ou nan Bondye. Paske Bondye ak ou atravè chak tanpèt, e w'ap vin pi fò lè'w soti ladan yo.

Chapit 5

Tout Bagay Nouvo

Lè'w desu ak lè'w santi'w dezespere, sa dwe ede'w sonje kijan Bondye te ede'w nan tan pase yo. Li ankourajan tou pou mwen raple'w fidelite Bondye anvè lòt moun yo, moun tankou'w yo ki te bezwen Bondye ede yo.

Eske ou fè remak sa deja ke valè moun nan Bib la ke Bondye te ba yo yon nouvo depa ?

Moyiz te yon vye granmoun anvan li te rankontre yon ti touf bwa ki tap boule epi Bondye te rele'l pou li vin dirije yon nasyon. Anvan sa, li te pase 40 ane kache nan dezè a ! Li pat gen okenn lide sou sa Bondye te planifye. (Gade nan Egzò 1-4)

David, yon ti gadò mouton ki te gen imilite, te wen pou'l vin wa pèp Izrayèl la. Li te yon moun kèlkonk ki pa't soti okenn kote- Se dènye moun pou yo ta chwazi pou vin wa. Men, Bondye te sèvi ak li pou dirije pèp li a. (Gade 1 Samyèl 16.)

Pyè, apot ki te nye Kris la, te jwenn padon e yo te rele'l pou li pase tout rès lavi'l ap preche epi bay Bondye glwa. (Gade Lik 22 :54-62 ; Jan 21 ; Travay 3.)

Epi **Pòl**, ki te pèsekite pèp Bondye a yon fwa, te transfòme sou wout Damas la e li te fini pa ekri anpil liv nan Nouvo Testaman an ! (Gade Travay 9 :1-22.)

Lè w'ap reflechi sou tout moun ki nan Labib ke Bondye te padone, rachte ak itilize nan fason ki pwisan, èske'w ka doute ke li kapab fè menm bagay la pou ou ?

Bondye nou an se Bondye espwa. Li se Bondye "Rekòmansman", Bondye ki bay dezyèm chans lan, Bondye ki bay chans rekòmanse a. Epi li pa gen okenn limit sou konbyen ou ka genyen.

GADE AK JE ESPWA A

Sonje byen ke lespwa se lank nanm nou. Lè nou wè bagay yo parèt nwa e ke noupagen okenn repons a pwoblèm nou yo, se lè sa espwa parèt pou fè nou sonje ke nouvo depa nou an ap vini a gran pa sou nou. Lè'w wè ke tout lòt moun yo sanble jwenn benediksyon pa yo a, e ke nou menm nou santi nou fatige e menm vle abandone, se lespwa ki rann kè nou stab epi akwoche lafwa nou ak pwomès Bondye yo.

Yon lòt fwa ankò, lespwa se yon atant favorab ak konfyans. Se yon atitid pozitif ak antisipasyon ke yon bon bagay nan wout pou li rive. Vrè espwa se pa yon atitid ki pa klè, ki vag « ann jis tann ak wè sa k'ap pase », men se kwè ak konfyans ke sa Bondye te pwomèt yo li pral fè yo. Bondye jis ap chache bon opòtinite pou pitit li yo, epi li vle nou gen atant epi tann li!

Nan 1 Tesalonik 5 :8, yo dekri espwa tankou yon kas. Alò, sa nou panse yo dwe enpòtan anpil. Atitid nou ak sa n'ap tann yo gen pou wè ak sa nou panse e sa nou di !

Mwen ankouraje nou pran kontwòl panse nou yo ak pawòl k'ap soti nan bouch nou chak maten. Lè'w leve nan maten, pa kontante'w pou w'ap panse tankou, Ebyen, mwen pral wè si ma pase yon lòt jounen. Olye de sa, antisipe bon bagay ki soti nan Bondye yo. Panse epi deklare bagay sa yo tankou :

Bondye mwen remèsye'w pou jounen sa ! Mwen konnen ke ou renmen mwen e ke ou gen yon bon plan pou mwen jodia. San ou menm, mwen paka fè anyen, men avèk ou mwen kapab reyalize tout sa mwen bezwen. E avèk èd ou, mwen pral gen yon bon atitid ak panse pozitif.

Alò atann ou ak delivrans ou yo e nouvo depa'w la. Di : « Jodia kapab jou a ». Li enpòtan pou nou reyalize ke nou pa ka viv selon sa nou santi si nou vle gen yon lavi pozitif e ranpli ak espwa. Lè santiman negatif yo vle anvayi nou, si nou pa louvri pòt ba yo rantre ak nou, y'ap mouri.

Alò, pa kite ou pran nan pyèj ap tann pou'w gen espwa, men deside pito pou'w ranpli ak espwa. Lè ou pran desizyon ak konsyans ou pou'w gen panse pozitif ak lafwa pandan tout yon jounen, santiman'w yo ap fini pa pran desizyon'w yo.

SOTI NAN TANT OU

Sa gen plizyè ane, mwen te mande Seyè a : "Poukisa mwen pa gen okenn bagay enteresan e espesyal ki rive nan lavi'm ankò?" Bondye te pale ak kè'm epi li di : "Joyce, mwen toujou fè bagay sa yo toutan. Pwoblèm lan se paske ou vin abitye ak yo twòp."

Bondye vle ke nou viv emèveye pa bonte li nan lavi nou... pou nou pran nòt de bagay mèveye ke li fè nan lavi nou. Poukisa ? Paske lè nou viv emèveye, nou p'ap janm sanzespwa ! Ann gade nan istwa Abraam lan....

Bondye te bay Abram anpil benediksyon. Men, te gen yon bagay ke ni li ni madanm li pa't genyen : se te yon timoun. Abram di : ...*Seyè, Bondye, kisa ou vle ban mwen ? Mwen tout fin mouri, mwen pa gen pitit. Lè sa a, li tandè Seyè a ki di'l konsa soti deyò, li di'l leve je ou, gade syèl la byen. Konte zetwal yo si ou kapab. Apre sa, li di. Pitit pitit ou yo va anpil tankou zetwal nan syèl la (Jenèz 15 :2,5).*

Byenke sikonstans Abram lan te parèt akablan, Seyè a te fè'l soti nan tant li a pou'l fè'l sezi e raple'l ke li ka fè sa ki enposib yo. Mwen kwè ke nou ka pase twòp tan « nan tant nou an », ap gade pwoblèm nou yo. Se pou sa Labib di nou pou nou retire je nou sou sa k'ap distrè nou yo epi fikse je nou sou Jezi, otè ak konsomatè lafwa nou. (Gade nan Ebre 12 :2).

Chak fwa nou pran desizyon pou nou priye, li pawòl Bondye yo oubyen ap kontanple tout bèl bagay li te fè pou nou nan tan pase yo, sa pwodwi anpil espwa. E tankou Abram, nou pral kòmanse panse, Wow, petèt li ka fè sa pou mwen !

Lè tan yo difisil e ou santi ou vle dekouraje, li lè pou nou soti nan tant nou an epi gade kisa Bondye gen pou'l di nan sa. Lè'w fè sa, ou pral wè jan li pa ka tann pou'l etone'w.

DOUBLE POU PWOBLEM OU YO

Si ou tankou mwen, li pral fasil pou'w gen espwa pou yon lòt moun. Ou pa bezwen gwo bagay pou'w wè avantaj yo ak ankouraje yo ak pawòl tankou : « Tout bagay ap mache byen, jis fè Bondye konfyans epi li pral chanje bagay yo. »

Men lè se nou, sa se yon istwa diferan. Lè nou nan mitan doulè oswa moman difisil yo, li fasil pou nou tonbe nan tantasyon ak jan de panse sa yo tankou : « Ah tout bagay fini. Li two ta pou mwen ».

Men li pa two ta! Li pa janm two ta pou pran yon nouvo depa lè Kris la ap viv nan ou. Pase ou yo pa desten ou. Si ou refize abandone espwa e kite Lesprisen kondwi'w, non sèlman Bondye ap restore sa ou te genyen, li pral rann lavi'w meyè yon lòt fwa ankò.

Mwen renmen Jowèl 2 :25-26. Pandan w'ap li'l, pran li ak kè. Resevwa sa jodia menm. M'a ban nou ankò tou sa nou te pèdi pandan tout tan bann gwo krikèt yo, ti krikèt yo, ti cheni yo ak gwo cheni yo te devore

rekòt nou yo. Se mwen menm ki te voye lame sa a sou nou. Nou pral manje plen vant nou. N'a fè lwanj Seyè a, Bondye nou an, ki te fè tout bèl bagay sa yo pou nou. Yo p'ap janm pase pèp mwen an nan betiz ankò.

Antan ke jèn granmoun, mwen te gen konviksyon ke abi mwen te sibi lè'm te timoun yo te make lavi'm pou toutan. Mwen te gen lenpresyon ke mwen patap janm ka tankou tout moun oubyen gen mòd vi ke mwen te swete genyen an.

Men tout bagay posib avèk Bondye. Lè nou twouve nou nan yon enpas nou pa wè kote pou nou fè, Li menm li wè plizyè lòt wout li pral fè nou pase. Li vle pran doulè nou te genyen nan tan pase nou yo pou'l non sèlman geri yo, men li vle ban nou plis ke sa nou te ka genyen anvan yo.

Gade avè'm nan Ezayi 61 :7. Li di : Kote yo te konn fè nou wont, se sou tèt y'a pote nou. Kote yo te konn pase nou nan rizib, y'a fè gwo fèt pou nou. N'a rete nan peyi nou, richès nou va double. N'a toujou gen kè kontan san rete. (NIV)

Mwen souvan di avèk Bondye, si plan A echwe, Li toujou gen yon plan B, e plan B sa ankò pibon ke plan A. Bondye sa se Bondye ki konn restore moun, Bondye ki gen yon nouvo rekòmansman pou chak moun ki echwe. Li va ba ou de fwa plis ! E li pral pi bon ke sa ou te ka pa janm imajine.

Chapit 6

Kijan Pou'w Leve Tèt Ou Gade Syèl La Lè'w Santi'w Deprime

Nou tout gen moman nan lavi a kote nou santi nou deprime pou plizyè rezon, men nou paka kite sikonstans yo kontwole emosyon nou. Satan chita l'ap plen lespri nou ak panse negatif k'ap fè nou pèdi lajwa nou e rann nou tris. Li la pou li dekouraje nou epi rann nou deprime emosyonèlman, esprityèlman, finansyèlman e nan tout fason li kapab.

Men Jezi la pou li ankouraje nou, e li vini pou li rale nou monte soti nan twou ke Satan mete nou an. Li vin ban nou jistis, lapè ak lajwa. Li vle ke nou atann nou ak bon bagay pou avni nou epi ranpli kè nou ak espwa.

Tout moun ap viv avèk fristrasyon ak detrès fas ak pwojè oubyen rèv yo ki pa reyalize. Lè bagay yo pa pase jan nou te espere a, li nòminal pou nou santi nou dekouraje. Men nou dwe fè atansyon ak fason n'ap jere santiman nou, paske si nou rete dekouraje pandan lontan sa kapab fè depresyon anvayi nou. Sòm 30 :5 di nou ke.... kriye ap dire tout nwit lan men kou nou leve nan maten lajwa va anvayi nou.

Bagay yo kapab rann nou tris pou yon ti tan, men nou pa dwe rete tris toutan. Lè nou fè sa, ènmi an pwofite de pòt sa ke nou louvri ba li a epi kreye yon chimen ki pral pote pwoblèm ki pi grav.

Epoutan, avèk Bondye, lè nou santi nou desu, nou kapab toujou pran desizyon pou tounen. Nou kapab chwazi retounen al jwenn Bondye pou li ban nou lòt espwa ak fòs pou nou kapab kontinye ale annanvan.

FE ATANSYON AK SANTIMAN NOU YO

Si ou soufri depresyon deja, ou konnen byen sa m'ap pale a. Depresyon kapab fè'w santi'w izole, sèl e sanzespwa.... se kòm si tout bagay ki te bò kote nou yo disparèt.

Kounye a, mwen fini pa rann mwen kont ke depresyon kapab rezilta de yon dezekilib fizik oubyen chimik, e mwen pa vle ekate koz sa yo. Gen de moman kote Seyè a gide yon moun pou li ale wè yon pwofesyonèl lasante oubyen yon sikològ kalifye ki kapab ede'l ale nan rasin pwoblèm moun lan. Mwen kwè ke se Bondye ki bay moun konesans medikal e li travay atravè medsen yon pou'l fè gwo bagay nan lavi nou.

Poutan, pou anpil lòt moun, depresyon se yon pwoblèm espirityèl. Eske'w wè, Satan itilize depresyon pou vòlè pouvwa espirityèl ak libète yon moun. L'ap chache plen lespri nou ak fènwa, tristès epi rann nou fèb emosyonèlman.

Men Bondye vle ede nou viv san okenn depresyon. Li vle ranpli kè nou ak lajwa, ak espwa li epi ak atant li nan bon bagay pou lavi nou. Pou nou ka kolabore ak li, yon sèl bagay nou gen pou nou fè se aprann pou nou pa kite santiman nou yo kontwole nou.

Mwen souvan di ke emosyon nou se youn nan pi gwo ènmi nou. Li fasil pou nou kite nou gide pa sa nou santi, men nou dwe reyalize ke santiman nou se yon bagay ki pa stab, li chanje a nenpòt ki moman !

Nou pa dwe swiv chakpanse oubyen santiman ki vini nan nou paske li kapab souvan kontredi verite a nan sa Bondye di sou nou. Pandan anpil ane nan lavi'm, mwen te toujou gen yon depresyon. Mwen te konn leve nan maten ak yon vwa nan tèt mwen k'ap di : « mwen santi'm dekouraje ». Mwen te kwè ke se tepanse pa'm yo te ye, menm pa't janm reyalize ke se ènmi an ki t'ap eseye mete vye bagay nan lespri mwen.

Pita, lè Bondye te atire'm nan yon mach etwat ak li e ke mwen te kòmmanse seryezman ap etidye pawòl li yo, mwen aprann ke mwen pa

dwe ap swiv chak santiman oubyen chakpanse ke mwen te genyen. Lè sa mwen pran pale byen fò pou'm di : « Mwen p'ap janmen deprime, ni dekouraje ». Nou ap toujou gen santiman, yo p'ap janmen disparèt. Men lè sa, nou pral gen pou nou chwazi si n'ap kite ou pa santiman nou yo dirije lavi nou.

FE ENVANTE PANSE'W YO

Lespri se yon lòt gwo atou pou simonte dekourajman ak depresyon. Eske ou konnen kepanse'w yo gen pouvwa pou afekte tout domèn nan lavi ou ? Pwovèb 23 :7 di : Jan'w wè lipanse nan kè li, se konsa menm li ye....

Panse nou yo pwisan anpil! Lè nou chwazi chita sou tout bagay negatif de nou menm oubyen sou tout move bagay ki rive nou nan lavia, nou wè jan sa alimante dekourajman ak depresyon lakay nou.

Te gen kèk ane ke mwen t'ap lite ak yon kansè nan tete, e moman sa se te vrèman yon peryòd tès li te ye pou mwen. Mwen te konnen ke'm patap bezwen anpil bagay pou te kraze moral mwen si mwen kitepanse mwen yo vin negatif.

Pandan tan sa, Bondye te mete sou kè'm pou mwen ranpli lespri'm ak bagay sa yo, epi di yo byen fò de tanzantan. Mwen te konnpanse epi di : « Bondye, mwen konnen ke ou renmen mwen. Mwen kwè ke tout bagay prale byen pou moun ki renmen'w e ke ou menm ou chwazi. Mwen mete konfyans mwen nan ou e mwen pa pè anyen. (Gade nan Rom 8 :28, 35-39 ; Jozye 1 :9 ; Pwovèb 3 :5) ». Ou wè, plis ou pase tan ap li epi reflechi sou pawòl Bondye yo, se plis y'ap rantre nan ou e y'ap kòmanse chanje andedan'w.

Hebre 4 :12 di ke pawòl Bondye a vivan e li pwisan (NLT). Li gen kapasite pou li chanje fason ke ou wè tèt ou e menm avni ou. Si ou ranpli lespri'w ak sa Bondye di sou ou epi revandike pwomès li yo kòm pa'w, sa ap pote espwa e l'ap fòtifye lafwa'w.

YON PRESKRIPSYON BIBLIK POU DEPRESYON

Jan ke mwen te di'l anvan, depresyon se pafwa rezilta yon pwoblèm fizik oubyen chimik, e mwen kwè li enpoòtan pou nou pèmèt yon medsen ede nou pandan ke Seyè a ap dirije nou. Men, menm lè nou konsilte yon medsen, mwen panse ke li bon pou asire nou ke nou mete konfyans nou nan Bondye, Gerisè nou an.

Men, depresyon an tou se trè souvan yon batay espiritiyèl.... e Labib ban nou bon jan lenstriksyon sou fason pou nou konbat li. Ezyi 61 :3 di nou pou nou mete rad louwanj pou lespri lou yo.... (NKJV).

Nou petèt pa toujou gen anvè pou nou louwe Bondye, men pran ti tan pou pale ak Seyè a epi di'l mèsi pou bonte li se youn nan zam ki pi pwisan nou genyen pou nou konbat dekourajman ak depresyon.

Nou dwe envite prezans Bondye nan sitiyaasyon nou yo, lè sa li va pote fòs, lapè ak lajwa ban nou. Filip 4 :4 di : *Se pou nou toujou kontan nan lavi n'ap mennen ansanm nan Seyè a. M'ap repete'l ankò : Fè kè nou kontan anpil.*

Louwe Seyè a nan mitan doulè nou yo se pi gwo bagay ke nou ka fè. Poukisa ? Paske lè nou chwazi fikse atansyon sou Bondye epi fè kè nou kontan pou tout bèl bagay li fè, nou rann li pi gran ke pwoblèm nou yo. Sa mennen mwen nan Sòm 16 :11. Li di : Nan prezans ou se lajwa san parèy, bò kote ou, Seyè, se yon plèzi ki p'ap janm fini (NKJV).

Lè nou ap adore Bondye, nou envite prezans li nan lavi nou. Li ranplase dekourajman ak tristès nou yo avèk lajwa ak lapè li yo. Li ban nou lespwa epi soufle yon nouvèl vi nan sitiyaasyon nou yo. Nou p'ap toujou kapab chanje sa k'ap pase nan lantouraj nou, men prezans Bondye va chanje nou : fason nou panse, fason nou santi nou ak fason nou va wè sitiyaasyon nou yo.

KITE BONDYE PRAN DOULÈ W

Nou p'ap janm konplètman libere de doulè oubyen desepsyon, men nou pa dwe kite sa k'ap pase jounen jodia detwi demen nou. Nou gen chwa. Nou kapab reyèlman chanje bagay yo nan pran desizyon pou nou voye jete tout sitiyasyon k'ap ban nou dekourajman ak depresyon, epi anvanse sou bèl bagay ke Bondye rezève pou lavni nou.

Mwen renmen 1 Pyè 5 :9, li di pou nou reziste ak dyab la... Li enpòtan anpil pou nou reziste imedyatman ak tout santiman dekourajman ak depresyon, paske plis nou kite yo nan lavi nou se plis la difisil pou nou reziste ak yo !

Mwen gen anpil ane depi m'ap di sa : si nou pa kite satan enpresyone nou ak sa l'ap fè yo, lè sa li p'ap ka toupizi'w, e si li paka peze'w lè sa li p'ap ka deprime ou.

Pwochenn fwa ou rankontre ak yon sitiyasyon ki sòti pou fini ak ou, pran desizyon pou'w tounen al jwenn Lesprisen an e ouvè pòt kè'w pou li ranpli'w ak espwa. Chwazi kwè sa Bondye di olye ou kwè santiman'w yo. Ranpli lespri'w ak bouch ou ak bagay pozitif epi plen espwa nan sa pawòl Bondye di.

Ou pagen pou'w kite dekourajman ak depresyon dirije lavi'w. Lè sa rive, kite Bondye ki bay espwa fòtifye'w ak ankouraje'w andedan'w. Paske, kèlkeswa sa w'ap travèse, Bondye prè ak dispoze pou li ede'w pran doulè'w la epi transfòme'l an yon bagay ki gran.

KONKLIZYON

Eske W'ap Travèse Yon Moman Difisil ?

Si v'ap travèse yon peryòd difisil nan lavi'w nan moman sa, mwen vle ke ou konnen ke Bondye renmen'w. Li wè sa k'ap trakase'w, li avèk ou e li vle ede'w kote'w ye la menm. Sòm 34:18 (NTL) di: Seyè a tou pre moun ki gen kè yo brize, li vle sove sila yo ki gen lespri yo brize. Lè n'ap soufri, Bondye ap soufri avèk nou tou.

Nan moman sa, ou kapab ap fè fas ak yon sitiyasyon ki parèt enposib pou ou. Men mwen vle ke ou konnen ke Bondye kapab chanje tout bagay sa yo. Li kapab pran pwoblèm ou yo epi transfòme yo anbyen. Si w'ap fè fas ak sikonstans difisil oubyen kèk bagay ki soti pou akable'w, mwen ankouraje'w pran yon ti tan pou'w priye kounye a la menm:

Papa, mwen bezwen ou kounye a. Ou di ke ou renmen'm epi ou wè kote mwen ye a ekzakteman... e malgre sa mwen santi yo, mwen chwazi kwè nan Pawòl ou yo. Fas ak tout sa m'ap travèse yo, mwen tounen vin jwenn ou pou'w kapab ede mwen. Mwen bezwen fòs ou pou mwen kapab fè fas ak tout sa ki parèt twòp pou mwen yo nan moman sa. Ede'm fikse je mwen sou ou. Tanpri tandè kri mwen, e ankouraje'm pou tout sa ki gen pou vini yo. Ede'm santi lanmou'w ak prezans ou nan fason ki byen fèm. Mwen ba ou tout sa mwen ye. Nan non Jezi, AMEN.

Mwen egalman ankouraje'w pran yon ti tan pou'w li vèsè sa yo mwen kite anba. Mwen kapab di'w atravè eksperyans ke mwen fè ke Pawòl Bondye a kapab chanje lavi'w, fason'w panse, fason'w santi'w e menm fason ou va wè avni ou. Mwen renmen Jeremi 29 :11 lan. Li di ke Bondye gen yon bon plan pou avni ou, plan pou lapè, plan pou pote

lespwa nan lavi ou. Toujou sonje ke Bondye bò kote'w. Li se Bondye enposib la, moun ki kapab fè mirak ak nenpòt sitiyaason.

BONDYE RENMEN'W

“Mwen renmen nou ak yon lanmou ki p'ap janm fini ; Mwen kreye ou avèk yon bonte ki san mank.”

Jeremi 31 :3 NIV

“Ou te mèt wè mòn yo ap souke, ti mòn yo ap tranble, mwen p'ap janm sispann renmen ou. Se Seyè ki renmen'w lan ki di ou sa.”

Ezayi 54 :10 NIV

“Ou konnen tout kouri kache mwen yo. Ou konnen jan dlo koule nan je'm. Eske tout sa pa ekri nan liv ou a? ”

Sòm 56 :8 NLT

“Mwen te konnen ou anvan menm mwen te ba ou lavi nan vant manman ou. Mwen te mete ou apa pou mwen”

Jeremi 1 :5

BONDYE PRAL EDE OU

“Nou pa bezwen pè. Mwen la avèk nou! Nou pa bezwen kite anyen ban nou kè sote. Se mwen menm ki Bondye nou. M'ap ban nou fòs, m'ap ede nou. M'ap soutni nou ak fòs ponyèt mwen ki pa janm pèdi batay.”

Ezayi 41 :10 NLT

“Menm si m'ap pase nan yon ravin kote ki fè nwa anpil, mwen p'ap pè anyen, paske, Seyè, ou la avèk mwen.....”

Sòm 23 :4 NIV

Mwen te kriye nan pye Seyè a, li te reponn mwen. Li delivre'm anba tout sa ki t'ap fè'm pè yo.

Sòm 34 :4 NIV

Lè n'ap pase sou lanmè, m'ap kanpe la avèk nou. Lè n'ap janbe gwo dlo, dlo a p'ap bwote nou ale. Lè n'ap mache nan mitan dife, dife p'ap boule nou. Flann dife a p'ap fè nou anyen.

Ezayi 43 :2

BONDYE SE ESPWA OU

Se mwen ki konnen sa 'm gen nan tèt mwen pou nou. Se mwen menm Seyè a k'ap pale. Se byen nou mwen ta vle wè, pa malè nou. Mwen ta vle demen nou jwenn sa n'ap tann lan.

Jeremi 29 :11

Paske Bondye te di : Mwen p'ap janm vire do ba ou, mwen p'ap janm lage ou.

Ebre 13 :5

Paske avèk Bondye anyen p'ap janm enposib.....

Lik 1 :37

Renmèt sò ou nan men Seyè a, l'a kenbe ou fèm....

Sòm 55 :22

Bondye ki anwo nan syèl la, lè mwen pè, se nan ou mwen mete tout konfyans mwen.

Sòm 56 :3

BONDYE SE REKONFO'W AK FOS OU

L'ap bay moun ki nan gwo lapenn yo kouraj. L'ap geri moun ki blese yo. [Gueri doule yo ak lapenn yo]

Sòm 147:3

Lè yon moun pèdi souf, li ba li fòs. Lè yon moun febli, li ba'l kouraj ankò ! Jenn gason konn pèdi souf, yo konn bouke. Lè konsa, yo bite, yo tonbe. Men, Seyè a ap bay moun ki mete konfyans yo nan li fòs ankò. Tankou

malfini, y'ap pran zèl pou yo leve ale. Y'ap kouri san yo p'ap janm bouke. Y'ap mache, yo p'ap janm febli.

Ezayi 40 :29-31

Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke, nou tout ki anba chay, m'a soulaje nou.

Matye 11 :28

Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou. Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray.

Sòm 46 :1 NIV

Lapriyè Delivrans

Bondye renmen'w e Li vle gen yon relasyon pèsonèl avèk ou. Si'w poko aksepte Jezi Kris kòm Sovè'w, ou kapab fè sa kounye a la. Jis ouvè kè'w kite Bondye antre epi di priyè sa....

“Papa, mwen konnen mwen peche kont Ou. Tanpri padone'm. Lave'm. Mwen pwomèt pou'm kwè nan Jezi, Pitit Ou. Mwen kwè ke Li te mouri pou mwen – Li pran peche'm yo met sou do Li lè Li te mouri sou lakwa. Mwen kwè ke Li leve vivan pami mò yo. Mwen remèt lavi'm nan men Jezi kounye a. Mèsi, Papa, pou kado Padon Ou ak lavi etènèl. Tanpri ede mwen viv pou Ou. Nan non Jezi, Amen. ”

Pandan'w t'ap priye nan kè'w, Bondye resevwa'w, netwaye'w epi libere'w de esklavaj lanmò. Pran tan pouli pasaj sa yo nan Labib epi mande Bondye pou Li pale avè'w pandan ke w'ap mache avèk Li atravè vwayaj sa nan nouvèl vi sa ke Li ba ou.

Jan 3 :16

1 Korent 15 :3-5

Efèz 1 :4

Efèz 2 :8-9

1 Jan 1 :9

1 Jan 4:14-15

1 Jan 5:1

1 Jan 5:12-13

Mande Bondye pou'l fè'w jwenn yon bon Bib ak yon bon Legliz k'ap kapab ankouraje'w grandi relasyon'w avèk Jezi. Li toujou avè'w. Li pral gide'w jou aprè jou epi montre'w kijan pou'w gen lavi an abondans Li sere pou ou a!

Si ou prè pou'w kòmanse pwòp jounen pèsonèl ou avèk Jezi oubyen petèt ou vle konnen Li nan yon fason ki pi pwofon, vizite :

tv.joycemeyer.org/creole

SA'W DWE KONNEN SOU OTÈ A

Joyce se yon otè ki fè anpil siksè nan New York Times e li se youn nan pi gwo anseyan Labib nan mond lan. Atravè Ministè Joyce Meyer, li fè ansèyman pratik epi franch, pataje eksperyans li aklè epi ede plizyè milyon moun aplike prensip Biblik yo nan sitiyasyon yo epi finalman jwenn espwa ak restorasyon atravè Jezikri. Liv li a *'Battlefield of the Mind'* se te yon liv ki vann plis nan mond lan, anseye moun ki jan yo ka genyen lagè a nan lespri yo epi "reflechì sou sa y'ap panse." Joyce te fè konferans atravè peyi Etazini epi atravè mond lan, epi pwogram *Enjoying Everyday Life* ki pase sou televizyon, radyo ak sou entènèt pou plizyè milyon moun nan plis pase 100 lang. Li te ekri tou plis pase 130 liv, ki te tradwi nan plis pase 155 lòt lang konbine.

MINISTE JOYCE MEYER

Pataje Kris – Renmen Moun

Ministè Joyce Meyer te kreye pou pataje Levanjil la, fòm nasyon epi pwolonje lanmou Kris la

Gras avèk medya yo, nou anseye moun yo kijan pou yo aplike verite ki soti nan Labib nan tout aspè nan lavi yo epi ankouraje pèp Bondye a sèvi lemond ki antoure yo a. Atravè branch misyonè nou yo, Hand of Hope, nou bay yon èd imanite mondyal, bay moun ki grangou yo manje, abiye pòv yo, sèvi ak granmoun aje yo, vèv yo ak òfelen yo epi lonje men bay moun tout laj e nan tout rakwen.

Ministè Joyce Meyer a bati sou fondasyon lafwa, entegrite ak sipòtè devwe ki pataje apèl sa.

Pou'w jwenn plis ankourajman nan men *Ministè Joyce Meyer*, ou kapab vizite :

tv.joycemeyer.org/creole